# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि सामूहिक भावना के जरिया से हम टीबी मुक्त भारत के दिसा में काम करत रहब। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये उहां के भारत में टीबी बेमारी के खिलाफ लड़ाई क सराहना कइले हईं। केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री जगत प्रकाश नड्डा क सोसल मीडिया पोस्ट के साझा करत प्रधानमंत्री कहले हवें कि टीबी के मामिलन में कमी भारत के समरपित अउर अभिनव कोसिस क नतीजा हौ। बरिस दुइ हजार पचीस ले देस के टीबी मुक्त बनावे बदे प्रधानमंत्री देसवासियन के पहिलहीं संकल्प दियवले हवें।

**********

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन–इसरो अंतरग्रहीय आवास में जीवन क अनुकरण करे बदे लद्दाख के लेह में देस क पहिला एनालॉग अंतरिक्ष मिशन क सुरूआति कइले हवे। एक महिन्ना ले चले वाला ई मिशन भारत क चन्द्रमा पर आवास बनावे क योजना के हिसाबि से अंतरग्रहीय मिशन सुरू करे बदे आधार दे सकी।

**********

नहाय खाय के साथे सूर्योपासना क चारि दिन क छठ महापरब पांच नवम्बर से सुरू होई। छौ नवम्बर के खरना होई। सात नवम्बर के छठ व्रती महिला विभिन्न नदियन, तलाबन अउर बनावल गइल घाटन पर पूजा–अर्चना करिहें अउर डूबत सुरूज के अरघा दीहें। आठ नवम्बर के भिन्नहीं फेर से ओही घाटे पर पहुंचि के व्रती महिला उग्गत भगवान सुरूज के अरघा दीहें। परब के ले के गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में फल, सब्जियन क बजारि गुलजार हो गइल हौ। लोगि अजुये से छठ परब बदे खरीदारी सुरू कइ दिहले हवें।

येह बिच्चे, भारतीय रेलवे तिउहार के देखत सात हजार चारि सौ पैंतीस बिसेस रेलगाड़ी चला रहल हौ। पछिला बरिस येह मौका पर साढ़े चारि हजार बिसेस रेलगाड़ी चलावल गइल रहे। छठ पूजा बदे एक सौ तैंतालीस अतिरिक्त रेलगाड़ी येह महिन्ना के दुइ से आठ तारीख ले चलावल जा रहल हौ। येही तरियन रोजाना करीब दुइ लाख अतिरिक्त यात्रियन बदे रेल यात्रा सुगम बनावल जा रहल हौ।

ओहर, गोरखपुर क स्वास्थ्य विभाग तिउहार में घरे लवटे वाले प्रवासियन के डेंगू बेमारी क लक्षण बदे सतर्क कइले हौ। मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे कहले हवें कि जो त कउनों प्रवासी में येह बेमारी क लक्षण देखाई दे त ऊ जल्दिये नगिच्चे क स्वास्थ्य केन्द्र पर जांचि अउर इलाज करावें।

**********

देस भर में भैयादूज क तिउहार आजु हंसी खुसी के बिच्चे मनावल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह, राज्यपाल आनंदीबेन पटेल, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देसवासियन के परब क सुभकामना दिहले हवें। येह तिउहार पर बहिनि अपने भाई के माथा पर टीका लगा के उनके लमहर उमिरि बदे प्रार्थना कै रहलि हइन।

मथुरा जिला में ई तिउहार यम द्वितीया के रूप में बिसेस उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। ओइजा क विश्राम घाट पर आजु पूरा दिन भाई–बहिन एक साथे स्नान कइ के जमुना–धर्मराज क प्राचीन मंदिर में दरसन–पूजन कइलें। सथहीं, जमुना जी के वस्त्र, श्रृंगार सामग्री अउर धर्मराज के करिया वस्त्रो चढ़वलें।

**********

प्रदेस भर में अजुये चित्रगुप्त पूजन दिवस मनावल जा रहल हवे। गोरखपुर क प्रसिद्ध भगवान चित्रगुप्त क मंदिर के साथे प्रदेस क विभिन्न चित्रगुप्त मंदिरन अउर घरन में कायस्थ समान की ओरि से कलम अउर दवात क पूजन कइल जा रहल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भगवान चित्रगुप्त क जयंती पर प्रदेस के लोगिन के बधाई दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहले हईं कि जगत पिता ब्रह्मा जी क अंस अउर संसार क सज्जो प्राणियन के करमन क लेखाजोखा रक्खे वाले भगवान चित्रगुप्त लोगिन के सत्य, धरम अउर न्याय के संन्मार्ग पर चले क प्रेरणा क संचार करें।

**********

उत्तराखण्ड में केदारनाथ धाम क कपाट आजु भिन्नहीं सीतकाल बदे बन्द कइ दिहल गइल। भैयादूज के पावन मौका पर आजु मंदिर के खास तौर से सजावल गइल हौ। एकरे अलावा उत्तरकाशी में यमुनोत्री धाम क कपाटो आजु दुपहरिया में बन्द कइ दिहल गइल। येह सालि करीब पनरह लाख तीर्थयात्री केदारनाथ धाम अउर सात लाख से बेसी तीर्थयात्री यमुनोत्री धाम क दरसन कइले हवें।

**********

लखनऊ विश्वविद्यालय से पांच बिसय में स्नातकोत्तर क पढ़ाई ऑनलाइन कइल जा सकी। एहमन संस्कृत, अंग्रेजी, प्राचीन भारतीय इतिहास, राजनीति विज्ञान अउर अर्थशास्त्र बिसय में ऑनलाइन पढ़ाई बदे येही सत्र से आवेदन कइल जा सके ला। विश्वविद्यालय की ओरि से बतावल गइल हौ कि आवेदन ओकरे आधिकारिक वेबसाइट पर पनरह नवम्बर ले कइल जाई। पीएचडी में दाखिला बदे आवेदन क आखिरी तारीख पांच नवम्बर तय कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस में मौसम क मिजाज़ बदले लागल हौ। आजु सबेरे कई जिलन में धुंध अउर हल्लुकाहे कुहेसा क असर देखल गइल। मौसम विभाग के हिसाबि से मध्य अउर पूरबी उत्तर प्रदेस क जिलन में दिन में मौसम सुस्क रही जबकि राति ठंडा होई। आवे वाला तीनि दिन ले पूरबी उत्तर प्रदेस क कई जिलन में सबेरे धुंध के साथे हल्लुकाहे कुहेसा क असर देखल जा सके ला।

**********